



PENILAIAN AKHIR SEMESTER (PAS) GENAP
MI FSM TEMPUREJO
TAHUN PELAJARAN 2023 / 2024

Nama	:	Hari/tanggal	:	27 Maret 2024
Madrasah	:	MI FSM Tempurejo	Muatan Pelajaran	: Bahasa Jawa

KD 3.4

Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat dengan menyilang (X) huruf A, B, C, dan D pada lembar jawaban yang tersedia!

1. Cangkriman yaiku unen-unen utawa ukara kang kudu dibatang utawa dibedhek.

Tuladhane : Bocah cilik thusap thusap ana ing kebon.

Jenis cangkriman iki diarani cangkriman

- A. pepindhan
- B. plesetan
- C. tugelan
- D. prapatan

2. Cangkriman sing mlesetake barang sing dituju.

Tuladhane : Pitik telu kalong loro, matane piro?

Jenis cangkriman iki diarani cangkriman

- A. wacahan
- B. pepindhan
- C. plesetan
- D. sinawung ing tembang

3. Cangkriman sing digawe ing sajroning tembang.

Jenis cangkriman iki diarani cangkriman

- A. wacahan
- B. pepindhan
- C. plesetan
- D. sinawung ing tembang

4. Cangkriman ing ngisor iki salah sijine conto cangkriman wacahan, yaiku

- A. bosok malah enak
- B. walespenen
- C. dilebokke malah metu
- D. dikethok malah mundak duwur

5. Cangkriman ing ngisor iki salah sijine conto cangkriman pepindhan, yaiku

- A. wales panen
- B. burnas kopen
- C. wiwa wite, lesmba dhonge
- D. dikethok malah mundak duwur

6. Cangkriman ing ngisor iki salah sijine conto cangkriman plesetan, yaiku

- A. wales panen
- B. wong wudunen iku sugih pari
- C. wiwa wite, lesmba dhonge
- D. dikethok malah mundak duwur

7. Kablok ketan, pakbolitus, burnaskopen kalebu cangkriman awujud

- A. pepindhan
- B. prapatan
- C. wacahan
- D. plesetan

8. Cangkriman kang batangane kudu ngisi kothak-kothak sing wis disedhiyakake, yaiku

- A. pepindhan

- B. prapatan
 - C. wacahan
 - D. plesetan
9. Pranyatan cangkriman ; Yen dikethok malah dhuwur.
Tembung isine batangan cangkriman kasebut, yaiku . . .
- A. guntung
 - B. clana
 - C. pring
 - D. dom (jarum)
10. Wujude cilik, senjata mengkono bisa nampung kabeh isine donya. Ora mung iku, dheweke crita lan gelem nampung isi atine manungsa.
Cangkriman ing dhuwur bathangane . . .
- A. montor mabur
 - B. tipi
 - C. handphone
 - D. kartu ATM
11. Pakbolitus. Cangkriman iku bathangane . . .
- A. Tapak kebo lelene satus
 - B. Numpak kebo bisa ping satus
 - C. Tapak kebo dhadhunge putus
 - D. Angon kebo sangune satus
12. Dhikyuyu tukwitmangwu. Cangkriman iku bathangane . . .
- A. Adhik nesu amarga ditinggal mlayu
 - B. Adhik ngguyu kancane crita lucu
 - C. Adhik mlayu kari ngguya-ngguyu
 - D. Adhik ngguyu-ngguyu entuk duwit limang ewu
13. Cangkriman : Kewan apa sing dhuweni sandhangan?
Cangkriman iki bathangane . . .
- A. cecak
 - B. unta
 - C. gajah
 - D. kadal
14. Setitekna cuplikan wacan iki, banjur wangsulana pitakone.

Apa satemene *globalisasi* iku? **Globalisasi** asal saka tembung “*globe*”, “*bola dunia*” banjur dadi global, sing tegese *mendunia*, salah sijine ahli kang asma Kenichi Ohmae mratelakake menawa globalisasi iku bisa digambarake menawa donya iki tanpa wates, amarga saka majune ilmu pengetahuan lan tehnologi, mligine tehnologi informasi.

Sawijine ahli sing nggambarake menawa donya iku tanpa wates, yaiku . . .

- A. Abraham Lincoln
 - B. Montesque
 - C. Kenichi Ohmae
 - D. Adam Malik
15. Cuplikan wacan iki setitekna, lan wangsulana pitakone.

Globalisasi bisa ditengeri saka :

1. Tipise wates antar negara, kedadean ing sawijining negara gampang banget diweruhi dene wong ing negara liya
2. Pawarta saendenging jagad, cepet banget sumebar. Iki kabeh saka canggihe sistem komonikasi kaya dene TV, HP, internet, lan liya-liyane.
3. Saya majune dol-tinuku utawa *perdagangan* antarane negara siji lan sijine.

Apa sing nyebabake pawarta saindenging jagat raya iki cepet banget sumebar?

- A. Amarga saka canggihe sistem irigasi
- B. Amarga saka canggihe sistem koperasi
- C. Amarga saka canggihe sistem komonikasi
- D. Alat komonikasi kaya dene HP regane saya larang.

16. Cuplikan wacan iki wacanen sing teliti, lan wangsulana pitakone!

Globalisasi gedhe banget pangaribawane tumrap sawijining negara. Ana dhampak sing positif (apik, nguntungake), nanging uga ana sing negatif (ala, ngrugekake, gawe kapitunan).

Dhampak positif globalisasi, yaiku :

1. Masyarakat tansaya maju
2. Tekade wong kanggo nyambut gawe tansaya gedhe
3. Komunikasi tansaya gampang
4. Anane pasar global
5. Mlebune budaya asing sing bisa nyengkuyung budaya nasional

Dampak *globalisasi* sing nguntungake yaiku : . . .

- A. Lapangan kerja tansaya sethithik amarga industri nggunakake mesin modheren
- B. Mlebune budaya asing sing bisa nyengkuyung budaya nasional
- C. Lunture rasa nasionalisme
- D. Rusake lingkungan

17. Cuplikan wacan iki wacanen sing teliti, lan wangsulana pitakone!

Globalisasi pancen akeh mupangate (*dhampak positif*) nanging uga bisa ndadekake masalah (*dhampak negatif*).

Dhampak negatif globalisasi, yaiku :

1. Negara sing maju nduweni kuwasa sing luwih gedhe
2. Nuwuhake sifat komsotip lan boros
3. Barang gaweane luar negri bisa ngalahake barang gaweane jrone negri
4. Lunture rasa nasionalisme
5. Lapangan kerja tansaya sethithik amarga industri nggunakake mesin modheren

Ing ngisor iki sing kalebu dampak negatipe globalisasi kejaba . . .

- A. negara maju nduweni kuwasa sing luwih gedhe
- B. nuwuhake sifat konsumtif lan boros
- C. barang gaweane luar negeri bisa ngalahake barang gaweane jrone negri
- D. timbule rasa nasionalisme



18. Piranti canggih ana ing gambar dhuwur kuwi pigunane kanggo: . . .

- A. Jupuk lan ngirim dhuwit
- B. Ngetung rego numpak sepur
- C. Komonikasi marang wong ana ing adoh
- D. Nyetel televisi

19. Anane dol tinuku kanthi cara online mujudake kemajuan ing bidhang . . .

- A. pendhidhikan
- B. sosial
- C. ekonomi
- D. transportasi

20. Saiki yen lelungan sing ora pati adoh, wis ana Gojek utawa sing bisa diundang tekan omah kanthi cara online. Iki mujudake kemajuan pelayanan ing bidhang . . .

- A. pendhidhikan
- B. sosial
- C. ekonomi
- D. transportasi

21. ATM kalebu alat kang magayutan karo globalisasi bidhang . . .

- A. pendhidhikan
- B. sosial
- C. ekonomi
- D. transportasi



22. Coba setitekke gambar ing dhuwur.
Cangkriman kangcocok karo bathangane gambar ing dhuwur yaiku
- Sego sak kepel dipuluk tinggi
 - Sego sak kepel dirubung tinggi
 - Sego sak pulukane tinggi
 - Sego pangane tinggi



23. Gambar ing duwur iki dadi wangsulane cangkriman.
Cangkrimane sing bener yaiku
- pitik walikm saba meja
 - pitik walik saba kebon
 - kulit walik
 - kulit walik dionceki

24. Wong wudunen iku sugih pari. Pari apa?
- Pari Gogo
 - Paringisan
 - Pari mberamo
 - Parikan

25. Cangkriman : Emboke wuda, anake
Batangane : Pring
Genepe cangkriman ing dhuwur yaiku
- Turu
 - Tapihan
 - Capilan
 - Adus

KD. 3.5

26. Yen arep pidato, becike gawe
- struktur teks pidhato
 - naskah pidhato
 - gagasan baku
 - cengkorongan
27. Puji syukur ing ngarsane Allah kalebu perangan . . . pidhato.
- pembuka.
 - isi.
 - penutup.
 - dudutan.
28. Manut swasanane, pidhato utawa sesorah kaperang dadi
- pidhato kenegaraan karo pidhato perpisahan.
 - pidhato ing sekolah karo pidhato manten.
 - pidhato pengetan karo pidhato presidhen.
 - pidhato resmi karo pidhato ora resmi.
29. Sing keledu struktur teks pidhato yaiku
- pambuka, dudutan, lan cengkorongan.
 - isi, penutup, lan dudutan.
 - panutup, pambuka, lan dudutan.
 - pembuka, isi, lan penutup.

30. Ekspresi nalika pidhato iku nuduhake . . .

- A. swarane.
- B. salah bawane.
- C. tulisane.
- D. intonasine.

31. Yen ngrakit teks pidhato kudu nggatekake gawe . . . teks pidato.

- A. cengkorongane.
- B. dudutan.
- C. runtutane.
- D. naskahe.

32. *Kanca-kanca kang tak tresnani*

Puji syukur dakaturake marang Gusti Kang Maha Agung, sing wis paring kanugrahan marang aku lan kanca kabeh, ing kelodhangan iki awake dhewe bisa kumpul kanthi kahanan bagus kuwarasan.

Perangan pidhato sing tinulis kaya ing ndhuwur diarani: . . .

- A. Salam pambuka
- B. Pambuka
- C. Isi
- D. Pengajab

33. *Kanca-kanca kang daktresnani, iki mengko sampean bakal nampa tugas manut keprigelane dhewe-dhewe. Ana sing mlebu seksi acara, seksi, kesenian, seksi perlengkapan, seksi konsumsi lan sapanunggalane. Mulane dakjaluk mengko yen sampean ditunjuk aja nganti selak.*

Perangan pidhato sing tinulis kaya ing ndhuwur diarani: . . .

- A. Salam pambuka
- B. Pambuka
- C. Isi
- D. Pengajab

34. *Samene dhisik sing bisa dakaturake, ayo saiki dirembug bebarengan marang seksi lan tugase. Muga pengetan Hari pendidikan bisa sukses kanti maremake.*

Perangan pidhato sing tinulis kaya ing ndhuwur diarani . . .

- A. Isi
- B. Pengajab
- C. Penutup
- D. Salam panutup

35. *Matur suwun. Sugeng siang, Wassalamualaikum Wa Rahmatullahi Wa Barakaatuh.*

Perangan pidhato sing tinulis kaya ing ndhuwur diarani: . . .

- A. Isi
- B. Pengajab
- C. Penutup
- D. Salam panutun

36. Ing ngisor iki kang ora kalebu syarate pidhato kang becik, yaiku . . .

- A. Andharan kang disampekake ngamot ilmu kaweruh kang migunani
- B. Ana karep utawa tujuan kang cetha kang arep digayuh
- C. Ngamot tujuan kang gawe crah lan ora kasunyatan
- D. Mumpuni pokok masalah (isi) kang arep diandharake

37. Pidhato kang bisa nemsemake sing dipidhatoni becike . . .

- A. maca naskah pidhato
- B. ngapalke kabeh kang wes ditulis
- C. ngembangake cengkorongane
- D. sing penting wani omong

38. Basane pidhato resmi tuladha sing bener, yaiku . . .

- A. dulur-dulur kabeh wes gek dha urunan

- B. bocah-bocah sekolah kudu dhisiplin sinau
 C. cah-cah cilik ra oleh dolanan neng jero kelas
 D. wes gah aku neruske pidhatoku, ra enek sing ngrungokake
39. *Rara Antang sarujuk nganakake panyuwun. Panyuwune Rara Antang supaya digawekake sumur ing pucuk pagunungan. Wektune mung sewengi, yen wes jago kluruk wong-wong padha tangi kudu leren. Dhasar Danawa duwe kasekten, panyuwune disanggupi.*
 Latar papan cuplikan crita ing nduwur yaiku ing
- A. pucuking pegunungan
 B. tengah tengah kutha
 C. pinggir laut
 D. padesan
40. Gtekna tembang ing ngisor iki
- Bapak pocung bisa nembang bisa ngitung
 Nggambar lan micara
 Panganane pulsa listrik
 Nadyan cilik bisa mangan isi donya*
- Batangane tembang Pocung ing dhuwur, yaiku
- A. laptop
 B. sepur
 C. montor mabur
 D. handphone
41. Bocah cilik nggendong omah.
 Bedhekan cangkriman ing dhuwur, yaiku
- A. semut
 B. rayap
 C. bekicot
 D. walang
42. Batangane geni.
- Ukara cangkriman kang cocok, yaiku
- A. Tibane ngisor digoleki dhuwur
 B. Yen cilik dadi kanca, yen gedhe dadi mungsuh
 C. Yen mlaku sikile loro, yen mandheg sikile sepuluh
 D. Duwe rambut ora duwe endhas
43. Gatekke tembang ing ngisor iki
- Bapak pocung renteng-renteng kaya kalung
 Dawa kaya ula
 Pencokanmu wesi miring
 Yen lumampah si pocung ngumbar swara*
- Batangane tembang pocung ing dhuwur yaiku
- A. banyu
 B. sepur
 C. bocah nangis
 D. montor mabur
44. Gatekke tembang dolanan ing ngisor iki
- Aku duwe pitik, pitik tukung
 Saben dina takpakani jagung
 Petok gogok petok
 Ngendhog wolu taktetesake netes pitu
 Kabeh trondhol tanpa wulu
 Megal-megol gawe guyu*
- Isine tembang ing dhuwur yaiku :

- A. Ngingu pitik yen sregep dipakani asile bakal akeh
 - B. Pitik yen saben dina dipakani bakal ngendhog
 - C. Endhog pitik yen ditetesake bakal dadi kuthuk
 - D. Pitik mentas netes mesthi trondhol tanpa wulu
45. Yen seminggu iku ana 7 dina.
Yen sepasar iku ana . . . dina.
- A. 3
 - B. 4
 - C. 5
 - D. 6
46. Yen anak pitik jenenge kuthuk.
Yen anak bebek jenenge
- A. kroto
 - B. kirik
 - C. meri
 - D. piyik
47. Yen isi asem jenenge klungsu.
Yen isi duren jenenge
- A. pongge
 - B. bethem
 - C. beton
 - D. kenthos
48. Yen anak 3 lanang kabeh jenenge cukut dilit.
Yen anak 5 lanang kabeh jenenge
- A. ontang anting
 - B. untung unting
 - C. pandhawa
 - D. sarimpi
49. Simbahe bapak/ibu kita diarani
- A. embah
 - B. buyut
 - C. canggah
 - D. putu
50. Yen kembang blimbing arane maya.
Yen kembang gedhang arane
- A. mayang
 - B. dlongop
 - C. onthel
 - D. meni